

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran nu geus didéskripsikeun dina Bab IV, wacana humoris dina kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i diulik tina jihad pragmatik. Aya opat hal nu patali jeung polah ucap humoris dina éta kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i nyaéta (1) wanda polah ucap humoris; (2) prinsip polah ucap humoris, (3) fungsi polah ucap humoris; jeung (4) daya humoris.

Wanda polah ucap humoris dina kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i aya 3 wanda nyaéta (1) lakuning ucap atawa lokusi; (2) lakuning gawé atawa ilokusi; jeung (3) lakuning rasa atawa perlokusi. Lakuning ucap atawa lokusi jadi wanda nu panglobana kapanggih nyaéta aya 66 data lakuning ucap atawa lokusi. Hartina data dina kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i leuwih kana komunikasi antarpribadi nu nepikeun hiji perkara saayaana sarta diselapan omongan nu ngandung unsur humor.

Prinsip polah ucap humoris dina kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i nu ngawengku prinsip kasopanan, jeung prinsip gawé bareng atawa rempug jukung. Prinsip aya 6 maksim, nyaéta (1) maksim kawijaksanaan; (2) maksim katumarima; (3) maksim pangcocog; (4) maksim kasimpat; (5) maksim balabah; jeung (6) maksim handap asor. Dina prinsip kasopanan, maksim kawijaksanaan jadi maksim nu panglobana kapaluruh nyaéta aya 12 data, anu hartina data dina kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i eusi omonganana ngaréan kauntungan atawa ngurangan karugian ka pamiarsa, tapi aya ogé nu ngarempak kana maksim kawijaksanaan. Prinsip gawé bareng atawa rempug jukung aya 4 maksim diantaranya (1) maksim kuantitas; (2) maksim kualitas; (3) maksim rélevansi; jeung (4) maksim cara. Nu loba kapaluruh dina prinsip gawé bareng nyaéta maksim kuantitas aya 43 data, anu hartina data dina kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i eusi omongan anu dikedalkeun ku tokohna ngadeudeul atawa méré kontribusi nu sacukupna atawa sajumlah anu dipikabutuh ku pamiarsa.

Fungsi polah ucap humoris dina kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i nu ngawengku 4 fungsi, nyaéta (1) fungsi komisif; (2) fungsi impositif; (3) fungsi

éksprésif; jeung (4) fungsi asértif, nu loba kapaluruh nyaéta fungsi impositif aya 92 data. Hartina paguneman antar tokoh dina akun @uc\_\_\_\_i loba omongan nu ngedalkeun paréntah, ieu hal luyu jeung nu digambarkeun unggal video nu medal raket patalina jeung kahirupan sapopoé utamana kahirupan indung jeung budak tangtuna teu jauh tina omongan paréntah.

Daya humoris dina kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i, kapanggih 9 tina 12 daya humoris, nyaéta (1) métafora réalistis; (2) métafora déskriptif; (3) métafora similitif; (4) métafora kontrasif; (5) métafora interprétatif; (6) métafora sinonimi; (7) métafora asimilasi; (8) métafora pasalia; jeung (9) métafora nyimpang atawa *plesetan*. Nu loba kapanggih nyaéta métafora similitif aya 18 data. Ieu hal ngagambarkeun daya humorisna loba nu museur kana babandingan patukang tonggongna acuan. Lian ti éta, kapanggih daya humoris gabungan antara dua métafora nyaéta métafora déskriptif jeung similitif.

## 5.2 Implikasi

Hasil panalungtikan dina ieu skripsi tangtuna miharep bisa nambahan jeung ngeuyeuban élmu pangaweruh utamana dina widang kabasaan. Ieu hasil panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan référénsi pikeun panalungtik séjén hususna dina pedaran ngeunaan wacana humoris. Dina kahirupan sapopoé, nu maca ieu panalungtikan dipiharep mikapaham polah ucap humoris nu medar ngeunaan wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, fungsi polah ucap humoris, jeung daya humoris. Kiwari *content creator* nu maké basa Sunda leuwih seungit jeung kudu leuwih réa deui utamana nu pola komunikasina diselapan ku humor.

## 5.3 Rékoméndasi

Pamungkas, dina ieu panalungtikan dumasar kana hasil jeung analisis nu geus dilakukeun, aya sababaraha rékoméndasi nu patali jeung ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

*Kahiji*, panalungtikan ngeunaan wacana humoris dina kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i mangupa video nu ditranskrip kana wangun tulisan ku cara *manual* atawa diketik sacara langsung. Panalungtik anyar anu datana dina wangun

video jeung kudu di transkrip kana wangun tulisan leuwih hadé ngagunakeun *web* atawa aplikasi sangkan leuwih praktis jeung *efisien*.

*Kadua*, ieu panalungtikan nalungtik wacana humoris nu mangrupa paguneman atawa omongan, dipiharep aya panalungtikan ngeunaan wacana humoris dina lagu-lagu Sunda anu eusina heureuy atawa cawokah.